Joanna Szymanderska

# DLACZEGO NIE IDZIEMY DZIŚ DO SZKOŁY? Dni świąteczne w Polsce

# ВАЙ ТАХАНА ШКОЛЕ ЦАДАХАРАН БАХЬАНА ХЕИ ШУНА? Польшин деза денош

Tłumaczenie: Satsita Khumaidova
Ilustracje: Michał Stopa

Koordynator wydania: Agata Marek
Teksty: Joanna Szymanderska
Ilustracje i projekt okładki: Michał Stopa
Tłumaczenie: Satsita Khumaidova

ISBN: 978-83-931807-3-8

Publikacja została wydana w ramach realizacji projektu „Szkoła — początek integracji”. Projekt jest współfinansowany ze środków Unii Europejskiej w ramach Europejskiego Funduszu na rzecz Uchodźców i Budżetu Państwa.

UNIA EUROPEJSKA
EUROPEJSKI FUNDUSZ
NA RZECZ UCHODŹCÓW

Wydawca:
Stowarzyszenie Vox Humana
Ul. Promyka 5 lok. 162, 01-604 Warszawa
http://www.voxhumana.org.pl

Skład:
Nowy Dziennik sp. z o.o.

Druk i oprawa:

Drukarnia GS sp. z o.o., Kraków, ul. Zabłocie 43
Odpowiedzialność za publikowane treści spoczywa wyłącznie na autorach tekstów. Komisja Europejska nie ponosi żadnej odpowiedzialności za sposób wykorzystania udostępnionych informacji



# Herb Polski

Witam, nazywam się Bielik jestem orłem, takim ptakiem. Biały Orzeł jest narodowym symbolem Polski, kraju w którym teraz mieszkacie. Jeśli dobrze rozejrzycie się w szkole, do której chodzicie, w klasie, w której macie lekcje na pewno znajdziecie obrazek z białym orłem na czerwonym tle. To polskie godło. Dla Polaków to bardzo ważny symbol, podobnie jak dla Czeczenów ważna jest wilczyca w godle. Pewnie nie wiecie, dlaczego właśnie biały orzeł jest w polskim godle. Już wam opowiadam.
Dawno, dawno temu, kiedy nie było jeszcze miast ani dróg, a ludzie mieszkali w osadach pośród potężnego lasu pełnego dzikich

# Польшин герб

Маршалла ду массаьрги! Сан цIе Биелик ю, сайх аса кIайн аьрзу олу. КIайн аьрзу вай хIинца дехаш–Iеш долу полякин пачхьалкха халкъа (билгало) символ ю. Хьо доьшуш волчу школехь, хьан классехь хьехар дечу хенахь, со тешна ву хьуна цIенчу басаршкахь гуш кIайн аьрзу хирг хилар. Иза Польшин халкъа символ ю. Нохчаша коьрта лоруш йолу шайн халкъа символ борз санна, ишта коьрта лоруш, полякаша шайн символ — кIайн аьрзу. Суна билгала ца хаа хIунда ю поляки символ кIайн аьрзу.
И муха хилла, цуьна кхолладалар муха хилла аса хIинца дуьйца шуна. ЦIкъа мацах, хьалха-хьалха заманчохь, ярташ я некъаш доцучу

zwierząt, żyli trzej bracia: Lech, Czech i Rus. Byli oni przywódcami swoich plemion. Ludzie z tych plemion żyli szczęśliwie. Rodziło im się dużo dzieci i w końcu w miejscu, które zamieszkiwali zaczęło brakować dla nich żywności. Wtedy Lech, Czech i Rus postanowili zebrać wszystkich i wyruszyć na poszukiwanie nowych ziem. Początkowo ten pomysł nie spodobał się mieszkańcom. Jednak ostatecznie zaufali mądrości swoich przywódców i rozpoczęli przygotowania do wyprawy. Pakowali swój dobytek i modlili się o powodzenie. W końcu wyruszyli. Przodem, dla bezpieczeństwa, jechali uzbrojeni wojownicy, za nimi wozy z dziećmi, starcami, kobietami i całym dobytkiem, pochód



хенахь, адамаш, го баькккхина бес-бесарчу акхаройх сийсош йолчу хьаннаш юкъахь Iаьш заманчохь, вехаш хилла кхо ваша: Лех, Чех, Рус а, Уьш кхо ваша, хIорра шайн-шайн тайпанашкахь тхьамда хилла. Адамаш цу заманахь дукха а, дика а дехаш хилла. Ишта уьш хаза-дика бехаш Iаьш, цери алсама доьзал дебба. Цу шаьш Iаш долчу латтех цаьрги доьзал кхабалур болуш ца хилла. ТIаккха Лехас, Русас, Чехас сацам бина деригге тайпанаш вовшаха тоьхна, керла мохк лаха новкъа довла. Дуьхьара цери и Iалашо еза ца елла цу бахархошна, делахь уш тешна хилла шайн тхьмданаш хьекъале, кхетаме тIаьхьенна пайда хир болу хIума бен дираг ца хиларх. ТIакха шайн сал-пал вовшаха тоха буьйла белла уьш, шайн аьтто бе бохуш доIанаш деш,

zamykał oddział zbrojnej straży. Wędrowali bardzo długo znosząc niewygody i niebezpieczeństwa. Po wielu tygodniach znaleźli się na bezkresnych, żyznych równinach, wśród których błyszczały w słońcu wody wielu rzek. Podczas postoju Rus powiedział do braci: „moi ludzie są już zmęczeni podróżą. Czujemy, iż te stepy są nam pisane i tu będzie nasz dom. Tu zostaniemy i założymy naszą osadę”. Lech i Czech pożegnali się z bratem, przysięgli, że jeszcze kiedyś się spotkają i ruszyli w dalszą podróż. Po wielu kolejnych dniach wędrówki rozbili obóz u stóp wielkiej góry. Czech podszedł do brata i powiedział: „zostanę tutaj z moimi ludźmi”. Lechowi trudno było zostawić brata, ale postanowił wędrować dalej,

дахарехь шайна оьша аьлла хета мел йолу хIума вовшахтоьхна цара. Цул тIаьхьа кхерамазаллина коьртехь, тIаьхьа бIаьхой болуш, йоккха къепал йиллина цара: даьхни, зударий, бераш, къена нах юкъахь болуш, тIаьххьара уьш гена кхерамечу новкъа бевла. Дукха денош, кIирнашкахь дIаихна уьш, эххара уьш кхаьчна цхьана шера чакхе гуш йоцучу токхе латтанаш долчу пана махка. Кхетачу малхо къагина, лепаш бес-бесар хиш долуш, чIогIа хаза мохк хилла иза. Цигахь тIакха вист хилла Рус, цо аьлла шен адам некъа бахаллина кIадделла гIорасиза ду, хIокху аренашкахь шайна шай рицкъа яздина ду аьлла хета, шаьш хIара шайн юрт лору, шаьш кхузехь совцу. ТIакха Лехас, Чехас Iа дика еш шайн веши Руси дуй бууш чIагIо йина; цхьана кхетаза

aby odnaleźć jak najlepsze miejsce dla swojego rodu. Po kolejnych dniach wędrówki rozbili obóz, żeby odpocząć. Lech rozejrzał się po okolicy. Zobaczył rzeki pełne ryb i lasy pełne zwierzyny, zobaczył urodzajną ziemię. Pomyślał, że to dobre miejsce, aby się osiedlić. W pewnym momencie gdzieś z góry rozległ się głośny krzyk. Wszyscy podnieśli głowy i ujrzeli wielkiego białego orła lądującego w gnieździe na szczycie ogromnego dębu. Ptak rozpostarł białe skrzydła, które odcinały się pięknie na tle czerwonego zachodzącego słońca. Lech uznał to za znak, że to właściwe miejsce dla jego ludu. Na pamiątkę tego zdarzenia biały orzeł na czerwonym tle stał się godłem jego plemienia, a potem godłem

Іира дац аьлла, уьш кхий дІа а новкъа бевлла. Мацах цхьа хан-зама дІаяьлчи уьш цхьана боккхачу лома кІел кхаьчна, цигахь Чех шен ваша Лех волчу вахана аьлла: ша шен нахаца кхузехь соцу аьлла. Бакъдолуш чІогІа хала хилла Лехина шен вешех вала, делахь мел хала делахь цо сацам бина, шен нахаца кхин а дІаваха. Дукха заманчохь кхирстиначул тІаьха уьш цахьна меттехь са даІа севца хилла. Са доІуш Іачу заманахь дІа-схьа аренга бІаьрг бетта вола велла иза. Лехина гина Іаламат исбаьхІаллин сурт; тайп-тайпан акхарой, бес-бесар хиш, цу чохь ловзуш кхийсалуш башха чІери, беркате, токхе, латта. Бакъала ма дика хира яра хІара меттиг шен нахана бохуш иза ойлане ваьлла Іаьчу хенахь, цІехьана цхьа чІогІа мохь хезна цунна. ТІаккха уьш массо стигала

Polski, a miasto, które tu powstało, nazwano Gnieznem na pamiątkę orlego gniazda. To miasto było pierwszą stolicą Polski.

хьала хьаьвсина, царна гина цхьа доккха кIайн аьрзо, Iаламат доккачу ножа тIе шен бена хууш. Аьрзу шен даккийра, кIайчу тIомашца ловза даьлчу, чу бузуш болчу малхаца цIечу зIаьнаршкахь Iаламат хаза гуш хилла. Лехас и сурт лерина шайн нахана гина билгало. ТIаккха цара сацам бина цигахь мохк кхолла. Цу хиллачу суьртан сий деш цара сацам бина, кIайн аьрзу, цIечу басаран фонехь, шайн халкъа коьрта билгало ян. Цигахь кхоьллина дуьхьара Польшин коьрта шахьар, шай эмблеме кIайн аьрзо долуш. ХIетахь дуьйна тахналац кIайн аьрзо коьрта символ йолуш и лардеш схьайогIуш ю Польша.



## Herb Czeczenii

Opowiedziałem wam legendę związaną z godłem Polski. A jaka jest legenda związana z godłem Czeczenii? Znacie ją? Jeśli nie, zapytajcie kogoś z rodziny albo znajomych. Zapiszcie ją w tej książeczce. Napiszcie ją po czeczeńsku i poproście o pomoc w przetłumaczeniu. Miejsce na waszą opowieść znajdziecie poniżej.

## Нохчи гербах лаьцна дицар

Аса дици шуна, полякин гербах лаьцна долу дицар. Муха ду нохчин гербах долу дицар? Шуна хаий иза? Нагахь санна цахаахь гегарчаьрга, я доттагIошка хатта. Нохчи маттахь гоч дайта, тIакха кху тептар тIе дIаязде.



## Polskie święta państwowe

Legendę o polskim orle opowiedziałem wam dlatego, że mieszkacie teraz w Polsce. Żebyście mogli lepiej poznać kraj, w którym teraz jesteście i lepiej zrozumieć wasze koleżanki i kolegów ze szkoły, opowiem wam też o ważnych dla Polaków świętach. W takie dni dzieci nie chodzą do szkoły, a dorośli do pracy. W każdym kraju, także w Czeczenii, są obchodzone dni świąteczne, ale w każdym kraju są one trochę inne. To są dni ważne ze względu na historię lub wiarę, a przecież każdy kraj ma swoją historię i swoje ważne wydarzenia. W różnych krajach ludzie wyznają różne religie. Więc

## Польши халкъа Деза Денош

Аса хIинца, бераш, довзуьтира ду шуна Польшехь долу Деза денош, цу деношкахь бераш ишколашка ца доьлху, ткъа баккхиранаш балха ара цабовлу. ХIора пачхьалакха шен деза денош ду, иштта нохчий пачхьалкха а ду массера санна шен деза денош. Делахь массо пачхьалкхашкахь уьш ша-ша тайпа башхаллаш йолуш ду. Цундели иза иштта хиларх цуьнах башха цеце хила ца оьшу. ХIора пачхьалкха и денош динца а, цу халкъа коьрта хиллачу терхьашца доьзна ду. Тайп-тайпана пачхьалкхашкахь, шайн-шай дин ду, цундели и дези денош даздар башхаллаш йолуш ду. ХIинца аса

nic dziwnego, że święta się różnią. Teraz opowiem wam o polskich uroczystościach państwowych. Każda z nich przypomina o ważnym wydarzeniu w dziejach Polski. To są święta całego narodu i wszystkich, którzy w Polsce mieszkają. Upamiętniają one chwile, dzięki którym Polska jest teraz krajem wolnym, w którym każdy może czuć się bezpiecznie. Najważniejsze święta państwowe są trzy: 3 maja, 15 sierpnia i 11 listopada.

шуна дуьцар ду Польши пачхьалкха дезде даздаран гIиллакх. ХIора даздар цхьацца Польшин хаьлкъа дахарехь хила коьрта хIума дага, лоьцуьташ ду. Уггаре хьалхахь ду Iиса пайхамар дуьненчу валар. И де ду массо полякана а, ишта Польшин пачхьалкхе латти тIехь вехаш волчу массо адаман а, дезде.  Кхул тIаьхьа догIуш ду коъ коьрта халкъа даздар: 3 май, 15 август, кхи а 11 ноябарь. И бахьнехь тахана Польша цхьаннех йозуш йоцуш маьрша ю, муьлха стаг шена чохь кхерам боцуш ваха йиш йолуш.


K

## 3 maja — Święto Konstytucji 3 Maja

Polska była pierwszym krajem w Europie (drugim na świecie), w którym spisano konstytucję. Zdarzyło się to 3 maja 1791 roku. Od tamtego czasu polska konstytucja była wiele razy zmieniana. Pewnie nie bardzo wiecie, czym w ogóle jest konstytucja i po co się ją ustanawia? To z konstytucji dowiadujemy się, że Polska jest krajem demokratycznym, w którym każdy ma prawo do swoich poglądów i wiary, do ochrony wolności i własności, a cudzoziemcy mają prawo do azylu. W konstytucji opisane jest także, w jaki sposób wybierane są władze i wiele innych spraw ważnych dla funkcjonowania państwa.

## 3 май — Конституцин де.

Польша, Конституции кхолларехь, Европехь дуьхьарлера (дуьненахь шоллагIачу меттехь) меттиг дIалоцуш ю. Иза хилира 3 май бетта 1791 шарахь. ХIетахь дуьйна полякин конституци дукхаза хицина ю. Цу конституции чулацаме хьаьжча вайна хаало Польша демократин бух тIехь дIахIоьттина хилар, муьлхачу стагана и муьлхачу къомах велахь а, шен дай гIиллакх лело а, ишта шен дин лело а, паргIат хилар. Кхи дIа ша реза воцуш долчу хIуманна я шен гIилкхаца догIуш доцу хIума делахь, шен кхеразамалина эшам болуш хIума делахь, цуьна и дIакхайкхо бакъо хилар. ТIаккха муьлхачу къомах волчу мухIажара шен тхов-кIело (азуль) еха бакъо хилар. ХIудна аьлчи,

Konstytucję nazywa się podstawowym aktem prawnym. Podstawowym, dlatego że na jej podstawie tworzone są wszystkie inne przepisy opisujące dokładnie, jakie są prawa i obowiązki obywateli. Tych szczegółowych przepisów jest bardzo, bardzo dużo. Na przykład konstytucja mówi o tym, że każde dziecko ma prawo do nauki. Ale to, jak zorganizowana jest szkoła i że dzieci w wieku od 6 do 18 lat mają obowiązek się uczyć, jest już zapisane w innych przepisach. Konstytucja jest podstawowym aktem prawnym, również dlatego że wszystkie inne przepisy obowiązujące w państwie muszą być zgodne z tym, co jest napisane w konstytucji. Na przykład w konstytucji zapisane jest prawo do wolności sumienia i religii, to znaczy że żadne inne przepisy nie



Польши конституци массо коьрта долу стега Iер-вахарх долу хаттарш чулоцуш ю, оцу стега жоьпалла демократица догIуш тIелаьцна ю. Масала: конституцис боху: хIора бер 6 шарера 18 шо дузалц деша дезаш хилар, кхи дIа а муьлха стаг маьрша ву шен дин лело, иштта шена ца товш дерг дIахIеда, я цхьанна а стега хьуна дин хица бохуш тIеIатIкъам бан бакъо цахилар а. Кхи дIа а, 3 май конституци юкъарлин дахарехь долу хаттарш шена чу яздина ду. Масала; самукъадаккхар, фестиваль, иштта кхи тайпа долу юкъарлин хьашташ. Дукхаха болу бахархой, дуьхьарлера аьхкена довхачу деношкахь, шайн балхахь еллачу кIеззигчу мукъа ханна, шай доьзалшца, дуьненах самукъа долуш шай са даIа боьлху.

mogą odebrać nikomu prawa do wyznawania jego religii ani nie mogą nikogo zmuszać, by wierzył w coś, w co wierzyć nie chce. Konstytucja jest najważniejszym dokumentem w państwie, bo to od niej zależy, jaki jest kraj, w którym żyjemy.
Trzeciego maja odbywają się różnego rodzaju uroczystości państwowe, festyny, zabawy. Wielu ludzi wyjeżdża z rodzinami na działki albo krótkie wczasy cieszyć się pierwszymi ciepłymi dniami.



# 11 listopada — Narodowe Święto Niepodległości

Polska, jako państwo istnieje ponad tysiąc lat (od 966 r.), ale w jej długiej historii był taki moment, kiedy sąsiednie kraje — Rosja, Prusy (ten kraj teraz nie istnieje, stał się częścią Niemiec) oraz Austria — zajęły jej terytorium i Polska przestała istnieć jako samodzielne państwo. Ten okres nazywamy zaborami, a trwał on od 1795 do 1918 roku, czyli 123 lata. Przez cały ten czas Polacy, chociaż nie mieli własnego państwa, nie zapomnieli, że są Polakami. Wiele razy próbowali odzyskać wolność, organizowali powstania zbrojne przeciwko zaborcom, ale byli od nich słabsi i przegrywali. W 1914 roku

# 11 ноябарь — Пачхьалкх цханнех йозуш йоцу де!

Польша пачхьалкх санна йолу эзар шо сов зама ю (966 шрахь дуьйна) делахь шен ехачу замана дахарехь хилладолчунца, гонахьа йолчу Оьрсис, Немцоша, Австрес, ишта хIинца йоцуш йолу Пруссис, Польшин мохк дIалоцуш меттигаш хилла. И бахьнеехь Польша цхьана олалли кIел йоьди, шен цхьаннех йозуш ца хилар, шен маршо, шен пачхьалкх дIайолуш меттигаш яьхкина. И мур польшина хала беана, цундели цу муьрах дIа-са йьоъкъаш хилла мур аьлла цIе тиллина. Цу муьран терахь ду 1795 шерера 1918 шо кхачалц, деригчу хьесапехь 123 шо зама ю иза. Цу халчу замана йохаллехь, полякашна дагара долуш

wybuchła pierwsza wojna światowa. Nazywa się ona „światowa”, dlatego, że brało w niej udział bardzo dużo państw. Polacy, chociaż ich państwo nie istniało, zorganizowali swoje oddziały wojskowe. Dowodził nimi Józef Piłsudski. Po zakończeniu wojny Polska odzyskała niepodległość i stała się niezależnym państwem. Dzień, w którym zakończyła się wojna światowa, czyli 11 listopada 1918 roku, w Polsce świętowany jest jako dzień odzyskania przez Polskę niepodległości. Tego dnia Józef Piłsudski został Naczelnym Dowódcą. 11 listopada to najważniejsze polskie święto państwowe. Tego dnia Polacy świętują odzyskanie niepodległości. Organizowane są różne uroczystości państwowe. W waszej szkole też na pewno

ца хилла шайн маршо, мохк, шай къома гІилкхаш. И бахьана долуш, полякаша, шай маршо, шай мохк паргІата баккха гІерташ массуьттаза мостагІчунна дуьхьал гІаттам айбина. Делахь кхочуш ницкъ цахиларна, шаьш цхьалха хиларна гІорасиз хилла, цундели и гІаттамаш кхиамца ца бирзина. ТІаьхьара 1914 шарахь дуьненаюкъара тІом иккхача, цунах дуьненаюкъара аьлла хІунда аьлчи дуьнен тІера дукха пачхьлкхаша дакъа лаьцна цу тІамтІахь. Ишта цу хенахь полякаша шай пачхьалкх ца хиллехь, эскар кхоьллина шена коьртехь Юзеф Пилсудский волуш. ТІом чекх баьлчи, Юзеф Пилсудский эскара коьрта буьйранча хІоьттина, цо Польши Іедал шен буйна дІалаьцна, цул тІаьхьа цо дІакхайкхина Польша паргІате, цхьанех йозуш йоцуш, пачхьалкх

z okazji 11 listopada przygotowywany jest apel, przedstawienie, konkurs wiedzy historycznej albo jeszcze inne wydarzenie.

хилар. Иштта юха ерзина полякаш шай маршо. Цу денна лерина, цуьна сий деш, 11 ноябар 1918 шо цхьаннех йозуш йоцуш маьрша пачхьалкх аьлла дезде лерина ду.



## 15 sierpnia — Święto Wojska Polskiego

Obchodzone jest na pamiątkę zwycięstwa Polaków w wielkiej bitwie z wojskami rosyjskimi w 1920 roku. W tym roku wybuchła wojna polsko-rosyjska. Byliśmy wtedy młodym państwem, a polska armia nie była jeszcze w pełni zorganizowana, była też słabsza i mniej liczna od armii rosyjskiej. Rosjanie wchodzili coraz dalej na polskie ziemie. W końcu dotarli w pobliże stolicy Polski — Warszawy. To właśnie tu w dniach 13—25 sierpnia rozegrała się wielka bitwa nazywana bitwą warszawską albo „cudem nad Wisłą". Polacy wygrali ją dzięki odważnym i zaskakującym dla wroga decyzjom

## 15 август — Польшин эскаран дезде ду

И де лерина ду 1920 шарахь полякин-оьрсин хиллачу Сийлахьчу тІеман тасадалерхь, полякин эскаро оьрсин эскара тІехь баьккхинчу тІема толамна сий деш, иза лерина полякин эскаран дезде. ХІетахь Польша къона пачхьалкх хилла, деригге эскар кхоьллина яьлла цахилла. Оьрсашца юьстичи, чІогІа салтий кІеззиг болуш, тІема чІагІо гІийла йолуш хилла полякин пачхьалкх. Оьрсий салташца а, тІема чІагІонца а, моссуьйттаза сов хилла полякел. Оьрсий шаьш дукха хиларе терра кІорге Польшин мехкаш дІалуьцаш, Варшави шахьарна берте схьакхаьчна. Ала деза кхузехь шен цІарца: 13–25 чу август бетта

głównodowodzącego wojsk polskich marszałka Józefa Piłsudskiego. Wykonał on taktyczny manewr polegający na zaatakowaniu niczego niespodziewających się Rosjan z boku, a nie tak, jak oczekiwali — od frontu. Dzięki temu zwycięstwu udało się odepchnąć armię rosyjską od Warszawy i w efekcie wygrać całą wojnę. 15 sierpnia to także święto religijne — wniebowzięcia Matki Pana Jezusa, którą katolicy w Polsce otaczają wielką czcią. To jej pomocy przypisywano zwycięstwo pod Warszawą. Dlatego właśnie 15 sierpnia świętuje się tę wygraną i nazywa całe zdarzenie „cudem nad Wisłą". Chociaż ta wielka bitwa trwała tak naprawdę blisko dwa tygodnie.



деношкахь сийлахь тIема тасадалар хилла. Цу тIеман цIе тиллина Варшави дуьхьхьа бина тIом, я Висли хи тIехь хилла тамашин хIума. Полякаш цу тIамехь тоьлла хIетахь хиллачу полякин эскара коьрта буьранчин, маршала Юзефа Пилсудскийн, нийса бинчу сацаман бахьан долуш. Цо хIетахь тамашина шен тIема говзаллица, тактикан маневр йина. Цо оьрсашна аьттехьа хила йиш яц аьлла хетачу агIора тIелатар дина. А оьрсий шай авнгардехь полякаш шайна дуьхьала тIе богIу моьттуш Iаьчу заманчохь, полякаш агIонгхьара тIе летта. Цу тIеман тасдаларехь оьрсий Варшавина юххера кIегара бовла дезза кхи дIа а, цу тасадаларехь оьрсий эшна, иштта поляки толам болуш чекх баьлла и тIом. Кхин дIа а, 15 августехь кхи цхьаъ дезде ду.

W Święto Wojska Polskiego w Warszawie i innych miastach można obejrzeć defilady wojska w mundurach z 1918 roku.

Иза ду Iиса пайхамара шайна Висли хи тIехь бинчу аьттона. Цу дийнахь шуна ган тарло Польшин католикаш, шайна гонахь сий-ларам болу нах болуш, иза доьзна ду Iиса Пайхамара гIоьнца толам хилла дели. Цундели 15 августехь даздар ду, кхий а, и хилла аьттон цIе, Вислин хи тIехь хилла тамашен хIума олуш. Ма дарра аьлчи цунах ишта алахь, хIетахь и сийлахь тIом шина кIиранчохь лаьттира. Поллякин Эскаран дезаде долчу хенахь шуна Варшавехь ишттa кхечу меттигашкахь ган тарло парадаш, 1918 шера тIема духаршца лелаш нах.



## 1 maja — Święto Pracy

W Polsce mamy jeszcze jedno święto państwowe, przypada ono 1 maja. Jak wiecie 3 maja to także święto, dlatego w tym czasie wiele osób bierze sobie dodatkowe dni wolne i wyjeżdża gdzieś na kilka dni, żeby nacieszyć się nadchodzącym powoli latem. Święto 1 maja nie wywodzi się ani z polskiej historii ani z wiary. Jest to międzynarodowe Święto Pracy obchodzone w wielu krajach już od 1890 roku. Dopiero od niedawna 1 maja wiąże się z historią Polski. Tego dnia w 2004 roku Polska przystąpiła do Unii Europejskiej.

## 1 май — Дуьненюкъара къинхьегамхой дезде

Шуна хуаш ма хиллара 1 май ду дезде. Цу деношкахь наха шайна балха тӀера жимма мукъа денош дохий, массийта денна садаӀ боьлху. 1 май долу дезде полякин историца, я динца доьзна дац. Иза 1890 шарахь дуйна дуьненеюкъара массо къинхьегамхой дезде ду. Делахь Польшина 1 май кхин цхьана хӀуманца доьзна ду; Польша 2004 шарахь Евроцхьанакхетаран юкъаяхана цуьна декъашхо ю.



## Polskie święta religijne

Święta państwowe to nie jedyne święta, które obchodzimy w Polsce. Są jeszcze uroczystości religijne. Obchodzone w Polsce święta religijne to święta chrześcijańskie. W Polsce od wieków najwięcej było chrześcijan, a wśród chrześcijan najwięcej było katolików — i tak jest do dziś. Ale w naszym kraju są też chrześcijanie protestanci i prawosławni, są także niechrześcijanie: muzułmanie, żydzi i buddyści. Jest też wiele osób niewierzących, ale nawet one obchodzą Boże Narodzenie czy Wielkanoc, bo dla Polaków to już nie tylko święta związane z wiarą, ale także po prostu narodowa tradycja. Chrześcijanie wierzą, że Jezus Chrystus był Bogiem, a jednocześnie

## Польшин динан деза денош

Полякин пачхьалкха динца доьзна долу деза денош, деккъа цхьа дезаде хилла Iаьш дац, цу деношкахь динан дайша дIахьо динца йоьзна йолу лерина церемони. Полякаш даиман шай дахарехь даздеш хилла динца долу дезденош, кериста динца доьзна хилла. Польшехь бIе шерашкахь дуьйна дукхах берш керста дин лелош хилла бу, керистанаш юкъахь алсама берш католикаш бу. Керистана юкъахь протестанташ бу, кхин православный болу керистанаш бу, кериста боцурш бу. Кхий дIа а, Польшехь бу: бусалбанаш, иудейш, буддисташ, кхий а цхьа а, дин доцурш бу, делахь цара а даза до

człowiekiem, który urodził się na ziemi, aby odkupić ludzkość z grzechu i dać nadzieję na życie wieczne w niebie. Nazwa chrześcijaństwo wywodzi się właśnie od imienia Jezusa Chrystusa.

Іиса пайхамар дуьненчу валар, цундели кхузахь ала деза иза цхьа динан де хилла Іаьш дац; иза поляки халкъа дезде ду. Кeристанаш тешна бу Іиса пайхамар Дела хилла аьлла иза дуьнен тІе валар лаьтта тІехь хиларх. Уьш тешна бу, цуьнга деригге адамаш къинойх хьалха даха а, ялсамане дига а, циш хиларх. Кхий а, динах керста аьлла цІе тилар ду Іиса пайхамара цІарца доьзна



## 24 grudnia — Wigilia Bożego Narodzenia. 25–26 grudnia — Święta Bożego Narodzenia

Słowo „wigilia” oznacza „czuwanie nocne przed dniem świątecznym”. W Polsce Wigilia Bożego Narodzenia jest obchodzona bardzo uroczyście. Boże Narodzenie oznacza narodziny Jezusa Chrystusa jako człowieka. W wigilię narodzin, czyli 24 grudnia, przygotowywana jest uroczysta kolacja, na której spotykają się rodziny. Wigilia to uroczystość rodzinna. Tradycyjnie w Wigilię nie jemy potraw mięsnych. Podaje się ryby — głównie potrawy ze śledzi i karpia — pierogi z kapustą i grzybami, barszcz czerwony albo zupę grzybową, a na deser ciasta

## 24 декабар Вина де. 25–26 декабар. Іиса пайхамар дуьнечу ваьлла де

24 декабар беттан буьйса сема яккха езаш ю, цуьнах wigilia олу и бохург ду — сема хила везар. Цу буса пхьор кечдо, шаберигге доьзал цхьанакхета, хIунда аьлчи и вина де доьзалшкахь деза де ду. Цу хьалхарчу буса жижиг тоьхна даар даа йиш яц. Кечдеш долу пхьорах кху тайпан сурсатех кечдо: чIарах, жIаьли нускалх, (жIаьли нускал олу — грибех) бIарех, копустах. Дукхаха долу даар сельдеххий, карпех кечдина хуьла, жIаьли нускалех йо борщ а, кхий дIа пирог хуьлу бIар тоьхна. Шуна гонаха, некъаца волчу хьаша-дена битина беса меттиг

z makiem i orzechami. Przy stole zostawia się jedno wolne nakrycie — „dla wędrowca". Ten zwyczaj ma oznaczać, że każdy, kto przyjdzie tego dnia, nawet nieoczekiwanie, zostanie zaproszony do wspólnego stołu. Przed wieczerzą wigilijną wszyscy składają sobie życzenia i dzielą się opłatkiem. Opłatek symbolizuje Chrystusa. Jeszcze przed samą Wigilią w mieszkaniu ustawia się choinkę i wiesza gałązkę jemioły. Choinkę ozdabia się bombkami, kolorowymi łańcuchami i światełkami. Niektórzy ozdoby choinkowe kupują w sklepach, ale są rodziny, w których robi się je własnoręczne z papieru, słomy, bibuły i innych materiałów. Na czubku choinki umieszcza się gwiazdę na pamiątkę tej, która pojawiła się na niebie w momencie narodzin Pana



хуьлу. Цу гIиллакхо гойту и стаг милла и велахь а, ша кхайкхина вацахь а, цуьна йиш ю хьенна чохь долчу шуьна гонахьа хаа. Цу суьйрана пхьорал хьалха демах кечдина дутIкъа чIералг доькъа, иза Iиса Пайхамара сибатан билгало лоруш ду. Кхи дIа а, и вина хьалхарчу буса, массо цIеношкахь керлачу шаран елка олу дит хуьла кечдина дIахIоттина, цу тIе оьхкина аьнглех йолу бес-бесара лепаш хIумнаш хуьла. Цхьа болчу наха винчу буьсана сийна хазъяран хIумнаш туьканахь оьцу, цхьаболчу доьзалаш и хазнаш кехата я, чена гIодах йо. Цу ёлки-диттана уггаре лакххахь, буьхьиг тIе, лепаш седа хIотта бо. И седа бу Iиса пайхамар дуьненчу волчу хенахь стигалахь кхетта хила болу седа. Бераш ёлки-дитта кIел гула ло, цигахь баккхийранаш хуьла,

Jezusa. Pod choinką dzieci i dorośli znajdują prezenty. Dzieci wierzą, że przynosi je święty Mikołaj. Dzień Bożego Narodzenia przypada na 25 grudnia, 26 grudnia to drugi dzień świąt. W te dni ludzie spotykają się w domach na uroczystych obiadach czy podwieczorkach z rodzinami i przyjaciółmi. W kościołach można oglądać „szopki". Szopka to przedstawienie narodzin Chrystusa za pomocą figur. Według Biblii, czyli świętej księgi chrześcijan, Pan Jezus urodził się w stajence, w której mieszkały zwierzęta domowe. Dlatego w szopce poza figurami dzieciątka Jezus, jego matki Maryi i jej męża Józefa często są też osiołek, owieczki, krowy, czasem także pilnujący ich pasterze. W niektórych domach małą szopkę ustawia się pod choinką.

тIаккха массарна совгIаташ доькъа. Бераш тешна ду Микола, ГIур-Дадас, шайн совгIаташ дохIуш хиларх. Iиса пайхамар вина буьйса лоруш ю 25 чура — 26 чу денойн юкъара йолу хан. Цу буьйсана дIадоькъу совгIаташ, цу буьйсана массо йиш-ваша, бевза-безарш, доттагIий, цхьаберш билгала йолчу меттехь, цхьаберш шай хIусамашкахь вовшаха кхета. Цу буьйсана килсан цIачохь, Iиса пайхамар дуьненчу валара дагадоуьташ дIахIиттина хуьла кегира бес-бесра фигуркаш (тайнигаш) жима маьнга, уьстагIа, йол-буц, бежан, ишак а, Иосиф а, хьаьвда а, иштта кхи тайп-тайпана дерг а. Инжил жайно (Библи, Евангли) бохуш ма хиллара, Iиса хьаьвдичохь вина ву, хIунда аьлчи шайн даьхница цхьана, цуьна нана, Марем цхьана цIачохь Iаьш

хилла. Бери цIеношкахь шуна ган йиш хир ю Iиса пайхамара суьртехь тайниг а, цуьна нена Марема а, ишака а, уьстагIий а, жаIуьна диллина сурт. Цхьаболчара иза ёлки дитта кIел улла.



## 6 stycznia — Święto Trzech Króli

Gdy urodził się Jezus, na niebie pojawiła się gwiazda wskazująca miejsce Jego narodzenia. Trzej mędrcy ze wschodu Kacper, Melchior i Baltazar wiedzieli, co oznacza pojawienie się tej gwiazdy. Zabrali, więc ze sobą dary, które chcieli wręczyć Nowonarodzonemu i wyruszyli w drogę. Po długiej podróży dotarli do Betlejem, gdzie urodził się Jezus. Tam pokłonili Mu się i złożyli swoje dary. Były to kadzidło — na znak, że Jezus jest Synem Bożym, złoto — na znak, że pochodzi z królewskiego rodu Dawida, i mirra (służyła do balsamowania zwłok po śmierci)

## 6 январа беттан де. ЖІарина тоба дар

Іиса пайхамар дуьненчу ваьллачу хенахь, цу буса, стиглахь цунна билгалона седа леппа хилла. Малхбалехьара волчу, Каспарина, Мельхиорна а, Бальтамозарна а, кхаъа хьекъалан дена хиъна и седа гучабалар бахьана Іиса пайхамар дуьненчу валар бахьана дуй. ТІакха уьш кхоъ, керла дуьнентІе даьллачу беран, дала совгІаташ а эцна новкъа ваьлла. Дукха беха некъ бинчул тІаьхьа уьш, Іиса пайхамар винчу Вифлеем олучу шахьара кхаьчна. Цигахь цунна корта таІийна (текъар дина) шай совгІаташ дІакховдийна цара. Иза хилла цуьна сийлалла хастош йина билгало (фимиам) иза Веза стаг хилар

— na znak, że umrze męczeńską śmiercią. W ten dzień w kościołach odprawiane są msze, podczas których święcona jest kreda. Tą kredą pisze się potem na drzwiach wejściowych do domu litery CMB lub KMB, aby Chrystus błogosławił temu domowi i dla pokazania swojej wiary.

хаам беш. Дешин билгало хилла Іиса паччахьа цІинах хилар, адамашна паччахь хилла ваитана хилар. Шолха Ладан делла (Ладан олуш хилла диттах даькхина башха хаза хьожу йогІу сегІзах) царна хьехам бан а керла ваийтан стаг хилар гойтуш. Кхозлаха делла Смирна (смирна олуш хилла Іаьрбий махкашкахь долуш долчу диттагІ долучу сегІазах) и смирна мелчи иза дІакхелхича цуьнан дакъа телхара доцуш хилар а, кхий дІа а, цуьнан дІакхалхар бала Іовшуш, Іазапца хир-хилар гойтуш. Цу кхаа стега цІераш, СМВ а, КМБ аьлла дІаязйина ю килсашкахь, иштта неха хІусамашкехь наьІаьрна тІехІ а.



## Wielkanoc — niedziela–poniedziałek

Wielkanoc to święto ruchome, to znaczy data, kiedy jest obchodzone jest zmienna i zależy od cykli księżyca. Przypada w marcu lub kwietniu. Zawsze pierwszym dniem Wielkanocy jest niedziela, a drugim poniedziałek. Chrześcijanie wierzą, że Jezus Chrystus po swojej śmierci na krzyżu, zmartwychwstał. Biblia, opisując dzieje życia Jezusa Chrystusa, mówi, że został On ukrzyżowany i zmarł w piątek, a w niedzielę kobiety, które przyszły do Jego grobu, zobaczyły, że grób jest pusty. Początkowo myślały, że ktoś wykradł ciało, okazało się, że Jezus zmartwychwstał i jeszcze przez 40 dni przebywał ze swoimi uczniami.

## Марха дастар. Сийлахь буьйса. КIиранний, оршотан денош

Еза буьйсан де хицалуш ду, иза бетта рузме хьаьжна хуьлаш ду. Иза хуьла мартан я, апрела беттан дуьхьарлера кIиранний, оршотан шина дийнахь. Кериста нах тешаш бу Iиса пайхамар жаIарана тIаьхь дIавалар хилла аьлла, цул тIаьхьа иза юха денвелла бохучух.  Библи тIаьхь яздеш ду Iиса пайхамара дахарех лаьцна. Цу тIехь боху иза жаIарха дIатоьхана, цуьна дIавалар пIераскана дийнахь хилла. Цул тIаьахьа, кIирана дийнахь цуьнан коша тIе еанчу зудчунна цуьнан къуб еса карийна. Дуьхьара моьтташ хилла царна иза цхьамма

Po tym czasie Chrystus z uczniami poszli na Górę Oliwną w Jerozolimie, gdzie Jezus uniósł się w górę i zniknął. To było Jego Wniebowstąpienie. Wielkanoc obchodzona jest na pamiątkę zmartwychwstania Jezusa Chrystusa właśnie w niedzielę. W dni ją poprzedzające — czwartek, piątek sobotę — wspomina się ostatnie chwile życia Jezusa i opłakuje Jego śmierć na krzyżu. Polskie obyczaje związane z Wielkanocą to malowanie pisanek, czyli ozdabianie skorupek jajek, przygotowywanie święconki, czyli koszyczka, z którym w Wielką Sobotę idzie się do kościoła, aby poświęcić włożone do niego pokarmy. W koszyczku muszą się znaleźć: gotowane na twardo jajko, wędlina, kawałek chleba, kawałek ciasta, sól i baranek cukrowy albo z ciasta

лачкъина, цул тIаьахьа гучадаьлла, Iиса пайхамар юха денвелла хилла хилар. Цул тIаьхьа цо 40 де зама яаькхина шен мутаIеламашца. ТIакха иза шен мутIеламашца Еросалуме вахана, цигахь иза Oliwna цIе йолчу лам тIе хьала ваьлла. Цигахь иза стигала хьала вахана, къайла ваьлла. Мархин дезаде лерина Iиса пайхамар юха денваларна кIиран дийна сий деш. Цул хьалхарчу; еари, пIерскани, шоьта деношкахь, дIахьо Iиса пайхамара дахарехь тIаьхьара хилла хьал (миноташ) цуьнгахь хилла гIайгIа, цо Iаьвшина бала, иза жIарах дIатохар, цу тIехь цуьна дIавалар и шадеригге дагалоцуш ду и де… Полякин ламасташца (традицица) мархи денош доьзна хуьла хIоъана шина агIора Iуьрг

symbolizujący zmartwychwstałego Chrystusa. Każdy stara się, aby jego koszyczek był jak najładniejszy. Pokarmy układa się na ozdobnych serwetkach, ozdabia zielonymi gałązkami borówek, wiosennymi kwiatkami i pisankami. Zaraz po poświęceniu dzieci bardzo lubią zjeść to, co było włożone do koszyczka — największym powodzeniem cieszą się oczywiście słodkie baranki. Poświęconych jajek nie wolno zjeść w sobotę. Zostają na następny dzień, kiedy podczas uroczystego śniadania w rodzinnym gronie, goście dzielą się nimi składając sobie życzenia. Śniadanie w wielkanocną niedzielę jest bardzo uroczystym posiłkiem często ciągnącym się aż do obiadu, a nawet przez cały dzień. W wielkanocny poniedziałek najwięcej

доккхий, цу чура буьдаг схьаоьцу, юха цу чкъуйриган тIе басарш хьокху. ТIаккха шоьта дийнахь килсе боьлха, шайца чохь яа хIума йолуш тускар хьо. Тускар чохь хуьла бес-бесар сурсаташ: кхехкийна хIоъаш, дакъийна хьакхий жижиг, бепиган цахцар, тортан дакъа, шекар, туьхий, уьстагIа жижиг чу доьллина чуда. ХIоъан билгало ю, Iиса пайхамар денлур волуш хилар, хIора сурсат ю шен-шен цхьацца билгало йолуш. ХIора а гIерта шен тускар кхечулла дика кечдина хилита. ТIаккха сурсаташ ораматашна (декоративны салфетки) юкъа дохку, гонахьа дохку Iаьржа болан генаш, бIаьстена зезагаш, мархан лерина кечдина хIоъаш а. Берашна чIогIа хаза хета и мерза даараш. Вуьшта хIоъеш

radości mają dzieci. To tak zwany śmigus-dyngus. Zabawa polega na wzajemnym oblewaniu się wodą. Niektórzy robią to z umiarem, ale na podwórkach polewanie potrafi się przemienić w prawdziwą wodną bitwę. Chociaż śmigus-dyngus to przez wszystkich uznany obyczaj, jednak z całą pewnością nie należy oblewać tych, którzy tego nie chcą.

шоьта дийнахь ца дуу. ШолгIачу дийнахь, Iуьйрина дуьйна той хуьла, массо доьзалш, хьаша-да вовшаха кхета, шай дагалецамашца, луьш-олуш, саралц дезар оьцуш Iа. Уггаре самукъане хуьла бераш, царна чIогIа деза тускара чохь долу даарш, къаьстина устагIин сибатехь йолу мерза фигуркаш. ХIоаъаш цу дина даа цамега, уьш шолгIачу денна Iаддуьта, Iуьйранна беригге доьзал цхьанакхетчи вовшана хIоъаш луш декъала бо. Еза буьсел тIаьхьа, шолгIачу кIиран дийнахь, дезаденна лерина яа хIума хуьла делкъа хан хиллац, наггахь суьре кхаччалц яхло иза. Еза буьсан тIаьхьара оршот дийнахь массарел самукъа бери долу. Смигус-дынгус цIе йолуш ловзар ду. Цу ловзаргахь бераша вовшашна хиш детта, цхьаболчара

шай цIахь Iаламат дукха хиш детта,
тIаьххьара иза къовсаме долу хиш
дукха хьа детта хьожуш. Смигус-
дынгус массара дай гIиллакх
ду аьлла къобала дина де ду,
делахь иза ишта ду аьлла къобала
динеьхь а, шена тIе хи тоха лууш
воцучунна, тIе хи детта цаоьша.



## 1 listopada — Święto Wszystkich Świętych

Jest to święto religijne związane z pamięcią o wszystkich świętych chrześcijaństwa. Święty to osoba, która czyniła w swoim życiu wyjątkowe dobro i która poświęcała się dla wiary w Boga. Chrześcijańskich świętych można porównać do islamskich Przyjaciół Allacha. Tego dnia Polacy mają zwyczaj odwiedzać groby swoich krewnych. Ludzie jeżdżą często do odległych miejscowości, aby zgodnie z tradycją odwiedzić groby bliskich. Jest to także okazja do rodzinnych spotkań. W dowód pamięci i czci dla tych, którzy zmarli, stawia się na grobie zapalony znicz i kładzie kwiaty. Wszyscy starają się, aby pozostawiane na grobie kwiaty

## 1 ноябарь — Динан дай дезде

И дезде доьзна ду массо кериста динехь хиллачу динан дай дагабохкуьйтуш. Цу неха хилла сан (сан — сийлаллех олуш хилла) цара шай дахарехь йинчу дина Іамална, шаьш дикачу агІора гайтар, шай дахар хаддалц Делаха тешаш, цунна а, нахана а, гІуллакх деш дика нах хилла хилар белгало. Кериста динан дай лара мегар ду, цхьадолчу бусулба шайхех, эвлияэх тера богІуш хиларна. Иза бохург ду Делах тешаш болу нах цхьатера беза хуьлуш хилар. Цу дийнахь полякин ламаст ду шайн гергара неха коша барза тІебахар. Адамаш, шай беллачу гергара нехан, кешнаш мел генахь

były jak najpiękniejsze i dlatego cmentarze tego dnia stają się wyjątkowo kolorowe — chociaż to już późna jesień i na dworze jest raczej ponuro i nieprzyjemnie — groby zakwitają na żółto, biało, fioletowo. Po zmroku zaś pięknie i tajemniczo wyglądają setki zapalonych na grobach zniczy.
Podobnie jak inne święta religijne również dzień Wszystkich Świętych stał się tradycyjnym świętem także dla ludzi innych wyznań i osób niewyznających żadnej religii.
Następnego dnia, czyli 2 listopada, obchodzone są Zaduszki. Ten dzień ma bardziej religijny charakter. Wierzący modlą się za wszystkich wyznawców Chrystusa, którzy już odeszli z tego świata, aby ich dusze trafiły do Królestwa Niebieskiego. Zaduszки nie są dniem wolnym.



делахь царна тІе кхача хьовсу.
И ламаст доьзалаш вовшаха кхета бахьана а ду. ТIакха кешнашкахь, гергарчера каша борза тIе чIурамаш лата бо, цера безамна зезагаш дохку. Массо гIерта шай зезагаш кхечулла хаза хилита. Полякаш ницкъкхочу барамехь шайн кешнаш хаза лела до, даиман кеша баьрзнаш тIехь зезагаш хуьла. Гуьйренан тIаьхьара беттан де кхоьлина делахь а, зезагаша а, леттачу чIурамаша а, кешни керт къага йо. Буьйсанна кешни керт ша тайпа сирла йоккхуш догу эзарнашкахь чIурамаш. Кхи долу динан деза денош санна, динан де ламастан дезде хила дIахIоьттина, кхечу динахь болчу нахана а, цхьани динах тешаш, боцучу нахана а.
Цул тIаьхьа, шолгIачу дийнахь, 2 ноябрехь белларш дагабохкуьйта, цера

синошна маьл ло де ду. Цу динахьь лелош дерг динца доьзна ду, массо керста динахь болчара, шай гергара белчарна синна доIанаш до, цери синош ялсамане дахитар доьхуш.
И де белха де лоруш ду, мокъа дац.

# Święta narodowe w Czeczenii

Opowiedziałem wam
o najważniejszych świętach
państwowych i religijnych w Polsce.
A jakie święta ważne są dla
Czeczenów? Znacie je wszystkie? Może
niektóre są podobne do Polskich?
Zostawiam Wam na koniec miejsce
żebyście mogli je wszystkie spisać.
Powodzenia!

Wasz Bielik

# Нохчи халкъа даздарш

Аса шуна довзити, Польшехь уггаре
коьрта даздеш долу паччхьалкхан,
динан деза денош. Нохчашна муьлха
даздарш ду коьрта лоруш? Уьш массо
доьвзи шуна? Шу даздарш цхьа
а полякичех тера дуй? Аса меттиг
юьта шуна царах лаьцна язда. Шун
аьтто хиларе догдохуш, ларамца,

шун Биелик.

Stowarzyszenie Vox Humana

Stowarzyszenie powstało w 2005 r. Celem stowarzyszenia jest wsparcie polityki antydyskryminacyjnej, przeciwdziałanie wykluczeniu społecznemu oraz wsparcie budowy otwartego, wielokulturowego społeczeństwa. Stowarzyszenie działa na rzecz wzmocnienia postawy tolerancji wobec wszelkich przejawów inności, takich jak rasa, przynależność etniczna, religijna i wyznaniowa. Od 2007 roku prowadzi projekty na rzecz integracji uchodźców i imigrantów z polskim społeczeństwem.

# O projekcie

Projekt „Szkoła — początek integracji" jest współfinansowany przez Europejski Fundusz na rzecz Uchodźców i Budżet Państwa.

W ramach projektu prowadzone są następujące działania:

1. Warsztaty międzykulturowe w szkołach dla dzieci polskich i osób starających się o ochronę w Polsce.
2. Warsztaty integracyjne dla dziewcząt — tworzenie biżuterii.
3. Warsztaty artystyczne i sportowe w ośrodku dla uchodźców dla dzieci w wieku 3–16 lat.
4. Szkolenia dla osób pracujących z uchodźcami lub dziećmi uchodźców.
5. Lekcje języka polskiego jako obcego w szkołach, w których uczą się dzieci uchodźców lub osób starających się o ten status.
6. Zajęcia wyrównawcze (odrabianie lekcji w szkołach) dla dzieci osób starających się o ochronę w Polsce.
7. Lekcje na temat islamu oraz kultury i krajów pochodzenia uchodźców.
8. Przygotowanie i wydanie dwujęzycznej książeczki (w języku polskim i czeczeńskim) o najważniejszych polskich świętach narodowych i religijnych.

Celem wszystkich działań jest rozbudowanie oferty integracyjnej, wsparcie integracji uchodźców z polskim społeczeństwem.

# Spis rzeczy


Herb Polski 7
Польшин герб 7

Herb Czeczenii 13
Нохчи гербах лаьцна дицар 13

Polskie święta państwowe 17
Польши халкъа Деза Денош 17

3 maja — Święto Konstytucji 3 Maja 21
3 май — Конституцин де. 21

11 listopada — Narodowe Święto Niepodległości 25
11 ноябарь — Пахьалкх цханнех йозуш йоцу де! 25

15 sierpnia — Święto Wojska Polskiego 29
15 август — Польшин эскаран дезде ду 29

1 maja — Święto Pracy 33
1 май — Дуьненюкъара къинхьегамхой дезде 33

Polskie święta religijne 35
Польшин динан деза денош 35

24 grudnia — Wigilia Bożego Narodzenia. 25–26 grudnia — Święta Bożego Narodzenia 39
24 декабар Вина де. 25–26 декабар. Іиса пайхамар дуьнечу ваьлла де 39

6 stycznia — Święto Trzech Króli 45
6 январа беттан де. ЖІарина тоба дар 45

Wielkanoc — niedziela–poniedziałek 49
Марха дастар. Сийлахь буьйса. КІиранний, оршотан денош 49

1 listopada — Święto Wszystkich Świętych 55
1 ноябарь — Динан дай дезде 55

Święta narodowe w Czeczenii 58
Нохчи халкъа даздарш 58

O projekcie 61